

Sant Newodevelopmantal

Southwestern Behavioral
Healthcare ak Sant
Reyabilitasyon Easterseals
te kolabore ansanm pou bay
premye Sant Newodevelopmantal
entegre
(NDC) pou jèn ki Indiana yo.
Sa k pi bèl la, l ap fèt la nan
kominote nou an!



Kontakte Nou nan:

812.436.4387

ndc@southwestern.org

southwestern.org/ndc

410 Mulberry Street
Evansville, IN 47713

Sant Newodevelopmantal
Southwestern Indiana
Entegre swen pou jèn ak Fanmi

Yon Kolaborasyon Ant:



Sonje...

Akoz limit klinik ekstèn yo genyen, fanmi ki bezwen swen premye nesosite oswa an ijans yo ta dwe al wè founisè oswa lopital abityèl yo a pou yo ka jwenn swen imedya. Moun ki nan yon kriz sante mantal men ki pa an danje dwe rele Ekip Sèvis Kriz Southwestern lan, 24/24, 7/7, 365/365 nan (812) 422-1100

Sa ki obligatwa:

- Ou dwe yon abitan Indiana
- Ou dwe gen 17 an oubyen mwens sou rekòmandasyon
- Kritè dyagnostik yo: NDC fèt espesyalman pou jèn ki gen bezwen ki konplèks. Dyagnostik yo sispekte oswa ki dokimante dwe gen ladan l yon twoub sante mantal ki mache ak yon otis oswa yon andikap entèlektyèl. N ap fè konsiderasyon sou nenpòt entèvansyon tretman ki te fèt avan pou nou eseye detèmine si nivo entèvansyon ki wo sa te merite fèt..

Poukisa ou dwe chwazi NDC?

NDC bay:

- ★ **Kowòdinasyon Swen**
 - Akonpayman amikal ak koneksyon avèk resous yo.
 - Kowòdinasyon randevou avèk plizyè founisè
 - Soutyen pwolonje pou asire bezwen fanmi yo satisfè.
- ★ **Evalyasyon Konplè avèk yon Ekip Miltidisiplinè ki ap gen ladan l:**
 - Sikoloji, Sikyatri, Sèvis Sante Mantal, Fizyoterapi, Ègoterapi, Òtofonik ak/oswa Odyoloji
 - Pifò nan evalyasyon yo kowòdone nan yon sèl lokal
- ★ **Vizit swivi pou medikaman avèk Sikyatri a**
- ★ **Evalyasyon ak Konsèy nitrisyonèl**
- ★ **Koneksyon ak resous kominotè yo ak soutyen**
- ★ **Vizit pwolonje pou terapi ki rekòmande yo (yo ka fèt nan NDC oswa nan Easterseals)**
 - Òtofonik, Ègoterapi, Fizyoterapi, Sèvis Sante Mantal, Fòmasyon pwofesyonèl



Kòman Pou M Kòmanse ?

Rele oswa voye yon imèl pou ou mande yon randevou avèk yon Kowòdinatè Swen pou ou kòmanse pwosesis rekòmandasyon an ak admisyon an.

Orè Biwo a: L-V , 8a.m.-5p.m.
Fèmen chak jou pou poz manje 12-1p.m

Kontakte Nou nan:

812.436.4387
ndc@southwestern.org
southwestern.org/ndc
410 Mulberry Street, Evansville